

# Kisa Ou Ka fè si Ou gen Plis Risk pou Maladi Grav nan COVID-19

## Èske Ou gen Plis Risk pou Maladi Grav?



Baze sou sa nou konnen aktyèlman, moun ki gen plis risk pou maladi grav nan COVID-19 yo se:

- Moun aje yo
- Moun nenpòt laj ki gen sa ki annapre la yo:
  - Kansè
  - Maladi ren kwonik
  - Maladi pilmonè obstriktiv kwonik (Chronic Obstructive Pulmonary Disease, COPD)
  - Eta iminodpresyon (sistèm iminitè febli) akòz transplantasyon ògàn solid
  - Obezite (endis mas kòporèl [Body Mass Index, BMI] 30 oswa pi wo)
  - Pwoblèm grav nan kè, tankou ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, oswa kadyomyopati
  - Anemi falsifòm
  - Dyabèt sikre tip 2

## Ede Pwoteje Tèt Ou ak Pwoteje Lòt Moun:



### Anvan depa ou



Vizite founisè swen sante ou epi prepare dosye medikal ou.




Resevwa yon pwovizyon 12 semèn medikaman.



### Pandan vwayaj la



Mete yon mask.



Lave men ou souvan oswa sèvi ak yon dezenfektan pou men abaz alkòl.



Evite kontak pwòch (2 mè/ 6 pye) avèk moun ki p ap viv avèk ou.



### Aprè ou rive



Rete lakay ou tout tan sa posib pandan premye 10 jou yo apre ou rive. Kontakte travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an pou jwenn enfòmasyon byen presi konsènan egzijans yo nan zòn ou an.



Siveye Sentòm COVID-19 yo. Pran tanperati ou si ou santi ou malad.



Kontinye pran dispozisyon yo ki endike nan 'Pandan vwayaj la'.



### Si ou vin malad epi ou panse ou petèt gen COVID-19:



Rete lakay ou. Evite kontak pwòch avèk lòt moun otank posib.



Kontakte founisè swen sante ou ak travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an. Si ou bezwen yon entèprèt pou pale avèk founisè medikal ou, travayè sosyal ou an ka ede ou.



Rele 911 epi chèche swen medikal touswit si ou gen siy avètisman dijans yo (sa gen ladan pwoblèm pou respire).



Rele pwofesyonèl swen sante ou si ou malad.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dispozisyon ou ka pran pou pwoteje tèt ou, gade dokiman CDC [Kijan pou Pwoteje Tèt Ou](#).

[cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)